



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE KANPAY BAZIK ATRAVÈ TOUT ETA A POU MET AKSAN SOU NOUVÈL INISYATIV KONSILTASYON KANSÈ NAN SEN YO AK ENPÒTANS DETEKSYON LI BYEN BONÈ

Nouvo Kanpay pou Edike Nouyòkè yo Sou Nouvo Pwojè Lwa ki pral Elaji Orè Konsiltasyon nan Lopital yo epi Retire Baryè Asirans yo pou Pwosedi Konsiltasyon yo

Ajoute sou Inisyativ “Get Screened, No Excuses” (“Al Fè Konsiltasyon, Pa Gen Eskiz”) lan; Yon Pati nan Jefò Ki Pi Aktif yo nan Nasyon an Pou Elaji Aksè a Konsiltasyon Kansè Nan Sen Yo

Jefò Bazik yo Pral Gen Landan Yo Evènman nan Zòn Ki Sible yo Atravè Eta ak Ofisyèl Eli yo ansanm ak Avoka Kansè nan Sen yo

Jounen jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse yon kanpay bazik pou atire atansyon sou enpòtans konsiltasyon kansè nan sen yo ak nouvo orè pwolonje yo nan plis pase 200 lopital ak klinik yo atravè tout eta a. Nouvo kanpay sa atravè tout eta, ki fè pati inisyativ “Get Screened, No Excuses” lan, vini apre Gouvènè an te fin siyen an Jwen dènye pwolè lwa ki pou elimine baryè yo, ki anpeche fè konsiltasyon regilye ak mamogram yo ki ka pèmèt fè deteksyon byen bonè, epi asire ke tretman ka kòmanse lè li pi efikas, epi ajoute sou seri inisyativ kansè nan sen Gouvènè an yo, ki te rezime nan Diskou Eta 2016 lan (2016 State of the State Address).

“Deteksyon byen bonè se pi bon fason pou konbat kansè nan sen”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè fanmi nou an te afekte pa kansè nan sen, nou te fè li vin yon misyon pou nou ede asire ke okenn Nouyòkè pa gen pou viv eksperyans soufrans, anksyete ak insèsitid ke nou te viv lan. Nou te fè avanse pi gwo pwogram konsiltasyon kansè nan sen nan peyi an ki kraze baryè yo epi asire ke tout fanm yo – san kenbe an kont nivo ekonomik yo oswa orè chaje yo – kapab detekte epi trete maladi sa byen bonè. Toutotan nou poko geri kansè nan sen yon fwa pou tout, n’ap kontinye atire atansyon sou deteksyon li byen bonè, pou kapab asire ke tout abitan nou yo ap fè konsiltasyon, pa gen eskiz pou sa.”

Gouvènè an lanse kanpay lan nan yon evènman jounen jodi a nan Dyckman Houses nan Washington Heights, ansanm ak Senatè Eta a Adriano Espaillat, Guillermo Linares ki se Manm Asanble, Letisha James ki se Avoka Piblik, ak Melissa Mark-Viverito ki se Pòt Pawòl Konsèy Vil lan. Gouvènè Cuomo, Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ansanm

ak komisè leta yo, an patenarya ak avoka kansè nan sen yo, pral vwayaje atravè eta a pou kapab òganize evènman yo epi pwomouvwa enpòtans deteksyon byen bonè. Nan chak kote, pral gen yon ekip manm estaf ki soti nan Depatman Sante ki pral diskite epi distribiye ti feyè ki gen adrès ak nimewo telefòn lopital k'ap ofri orè pwolonje yo pou ke Nouyòkè yo kapab jwenn yon lokal konsiltasyon ki tou pre yo.

An Jwen dènye, Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa pou ajoute sou \$91 milyon dola nan envestisman ki te rezime nan Diskou Eta 2016 lan, pou kapab ogmante atansyon ak konsiltasyon pou kansè nan sen, ki enkli yon kapay atansyon piblik, pwogram sansibilizasyon kominote yo, navigatè pou pasyan yo, ak kamyonèt mamografi mobil yo. Pwojè Lwa a ansanm ak kanpay la pral:

- Ekzije plis pase 200 lopital ak klinik ekstansyon lopital yo pou kapab ofri orè pwolonje pou konsiltasyon pou omwen kat èdtan pa semèn, pou kapab ede fanm yo ki gen difikilte pou pwograme konsiltasyon mamogram yo pandan orè nòmal jou travay yo soti 9 a.m. pou rive 5 p.m. Orè sa yo gen ladan soti 7 a.m. rive 9 a.m. epi soti 5 p.m. rive 7 p.m. soti Lendi rive Vandredi, epi soti 9 a.m. rive 5 p.m. pou jou Samdi oubyen Dimanch;
- Elimine franchiz anyèl yo, ko-pèman, ak ko-asirans pèman yo (“cost-sharing”) pou tout konsiltasyon mamogram yo, ki enkli tou konsiltasyon yo bay fanm yo pi souvan ke jan sa mande nan manyèl konsiltasyon federal aktyèl yo tankou mamogram anyèl pou fanm yo ki nan laj karantèn yo;
- Elimine pataj depans pou imaj dyagnostik pou kansè nan sen, ki enkli dyagnostik mamogram yo, iltrason pou sen yo, ak MRI pou sen yo pou fanm ki gen gwo risk kansè nan sen yo. Kòm rezilta, fanm ki bezwen fès tès yo ki pa tès estanda mamogram yo p'ap gen pou peye pou okenn depans adisyonèl pou tès dyagnostik ki pi komen sa yo;
- Ajoute anplwaye piblik ki soti nan vil ki gen yon popilasyon de yon milyon moun oswa pi plis, sou popilasyon anplwaye piblik nan Eta New York ki aktyèlman gen pèmisyon pou genyen kat èdtan konje pou konsiltasyon pou kansè nan sen chak ane. Lwa eta aktyèl yo ekzije tout patwon piblik yo pou yo bay anplwaye yo kat èdtan konje chak ane pou konsiltasyon pou kansè nan sen. Kounye a anplwaye piblik nan Vil New York yo pral resevwa menm avantaj ak tou lòt anplwaye piblik atravè eta a;
- Ofri oryantasyon atravè pwosesis konsiltasyon an gras a Navigatè pou Pasyan yo;
- Pote konsiltasyon nan kominote yo atravè tout eta ak nouvo kamyonèt mamografi yo.

Pou plis enfòmasyon sou konsiltasyon kansè nan sen yo epi pou sipò, rele nimewo dirèk pou kansè sen nan Eta New York nan 1-866-442-CANCER (2262). Nimewo sa disponib 24 sou 24, pandan sèt jou nan semèn lan yo, epi kapab asiste moun ki pa pale Anglè yo. Nouyòkè yo ka voye yon mesaj tèks “Get Screened” (“Al Fè Konsiltasyon”) nan 81336 pou kapab jwenn yon sant konsiltasyon ak orè pwolonje ki tou pre yo.

Vizite www.ny.gov/getscreened pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwogram konsiltasyon kansè nan sen yo nan Eta New York.

W'ap jwenn yon lis etablisman nan Vil New York ki bay sèvis konsilasyon ak orè pwolonje ki disponib anba la:

Manhattan

St. Luke's Roosevelt Hospital Center
1111 Amsterdam Avenue
212-523-4267

Beth Israel Phillips Ambulatory Care Center
10 Union Square East
212-844-8880

New York-Presbyterian Lower Manhattan Hospital
170 William Street
212-312-5179

Avon Foundation Breast Imaging Center
1130 St Nicholas Avenue
212-851-4516

Memorial Sloan Kettering Cancer Center
300 E 66th Street
646-227-3700

Breast Exam Center of Harlem
163 West 125th St.
212-531-8000

Midtown Medical Pavilion NY Radiology
1790 Broadway
212-772-3111

Lenox Hill Hospital
100 East 77 Street
212-439-2900

Mount Sinai/Beth Israel Comprehensive Cancer Center
325 West 15th St
212-604-6009

Mount Sinai Hospital Cam Building

17 E 102nd Street
212-824-7700

Metropolitan Hospital Center
1901 First Avenue
212-423-8347

NYU Clinical Cancer Center
221 Lexington Avenue
212-731-5002

Queens

NYU Langone at Columbus Medical
97-85 Blvd, Rego Park
718-261-8686

The Mount Sinai Hospital of Queens
25-10 30th Avenue, Long Island City
718-808-7500

The New York-Presbyterian Hospital of Queens
56-45 Main Street, Flushing
718-670-1050

Queens Hospital Center
82-68 164th Street, Jamaica
718-883-4509

St. John's Episcopal Hospital
327 Beach 19th Street, Far Rockaway
718-869-7780

Elmhurst Hospital Center
79-01 Broadway, Elmhurst
718-334-2061

Bronx

Bronx Lebanon Hospital Center
1650 Grand Concourse
718-518-5270

North Central Bronx Hospital
3424 Kossuth Avenue
718-519-3087

Montefiore Medical Center North Division
600 East 233rd Street
718-920-9188

St Barnabas Hospital
4422 Third Avenue
718-960-6162

Montefiore Imaging Center at the Greene Medical Arts Pavilion
3400 Bainbridge Avenue
718-920-5400

Brooklyn

The Brooklyn Hospital Center
121 DeKalb Avenue
718-250-8240

Coney Island Hospital
2601 Ocean Parkway
718-616-3794

Interfaith Medical Center
1545 Atlantic Ave
718-613-4408

Mount Sinai Brooklyn
3201 Kings Highway
718-951-2930

Kingsbrook Jewish Medical Center
585 Schenectady Ave
718-604-5461

Maimonides Breast Center at Maimonides Medical Center
745 64th Street
718-765-2560

New York Methodist Hospital
506 Sixth Street
718-780-5029

Woodhull Medical and Mental Health Center
760 Broadway
718-963-5889

Kings County Hospital Center
451 Clarkson Ave
718-245-4422

Brookdale University Hospital
1 Brookdale Plaza
718-240-8270

Wyckoff Heights Medical Center
374 Stockholm Street
718-963-2090

SUNY/Downstate Medical Center University Hospital
450 Clarkson Ave
718-270-1620

Staten Island

Regional Radiology
360 Bard Avenue
718-605-6500

The Breast Imaging Center at Staten Island
256 Mason Ave
718-226-1333

Richmond University Medical Center
355 Bard Ave
718-818-1490

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418